

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Gambaran Umum Lokasi Panalungtikan

3.1.1 Letak Géografis

Lokasi anu dipaké panalungtikan nya éta di Désa Karangtawang wewengkon tutugan suku Gunung Ciremai. Sacara géografis Désa Karangtawang kaasup kana wewengkon Kecamatan Kuningan, Kabupatén Kuningan. Désa Karangtawang perenahna kurang leuwih 3,5 km ka beulah wétan ti puseur kota. Ku sabab deukeut, ngan butuh waktu 10 menit ka puseur Kota Kuningan mun maké motor atawa mobil, sarta butuh waktu 45 menit mun leumpang.

Lega Désa Karangtawang kira-kira 18,7903 héktar, *diapit* ku dua walungan gedé nya éta walungan Cigedé di beulah kidul jeung walungan Surakatiga atawa Tangkis di beulah kalér. Lian ti jadi wates alami jeung désa séjén, ayana walungan (Cigedé jeung Surakatiga) ogé mangaruhan kana taneuh Désa Karangtawang anu subur jeung cocog pikeun sababaraha rupa pepelakan.

Sacara administratif, wates wilayah Désa Karangtawang nya éta: beulah kalér ngawates jeung Kelurahan Windusengkahan, beulah kidul ngawates jeung Kelurahan Citangtu, beulah wétan ngawates jeung Désa Léngkong, tur beulah kulon ngawates jeung Kelurahan Winduhaji.

Ditilik tina kondisi topografina, Désa Karangtawang kaasup daérah *dataran rendah* nya éta aya dina *ketinggian* 137,7 dpl. Sok sanajan kitu, iklim di ieu désa teu panas, Désa Karangtawang miboga iklim 18° C - 27° C, hal ieu dipangaruhan ku ayana pasir (*bukit kecil*) anu ngurilingan Désa Karangtawang. Lian ti ayana pasir, jumlah bulan hujan ogé mangaruhan kana iklim di Désa Karangtawang, jumlah bulan hujan di ieu désa nya éta aya genep bulan.

3.1.2 Kondisi Sosial Budaya Désa Karangtawang

3.1.2.1 Démografi

Nurutkeun data taun 2011, jumlah penduduk Désa Karangtawang nya éta 4.239 urang. Penduduk lalaki jumlahna aya 2.095 urang, penduduk awéwé

jumlahna aya 2.144 urang. Jumlah penduduk nu 4.239 jiwa kabagi kana 1.125 Kepala Keluarga (KK), sumebar di tilu kampung atawa dusun nya éta: Dusun Pasawahan, Dusun Babakan, jeung Dusun Jatinunggal.

3.1.2.2 Pakasaban

Mayoritas pakasaban utama masarakat Karangtawang nya éta tani, tapi aya ogé anu jadi tukang dagang, tukang ternak, Pegawai Negeri Sipil (PNS) jeung dosén swasta. Tina sajumlahing pakasaban nu aya, rata-rata masarakat Karangtawang miboga pakasaban ganda, hartina nu jadi tani teu ngandelkeun waé hasil tatanénna, tapi maranéhna boga pakasaban séjén, upamana waé industri rumah tangga nyieun emping tangkil (*melinjo*), dagang, jeung ternak. Ku kituna jumlah wiraswasta di ieu désa leuwih loba tibatan jumlah tanina.

Wincikan jumlah penduduk dumasar kana pakasaban bisa katitén dina ieu tabel di handap:

Tabél 3.1

Jumlah Penduduk Dumasar kana Pakasaban

Pakasaban	Lalaki	Awéwé
Patani	523	235
Buruh Tani	152	83
Pegawai Negeri Sipil (PNS)	59	49
Pangrajin industri rumah tangga	34	25
Pedagang keliling	23	8
Peternak	3	-
Pembantu Rumah Tangga (PRT)	-	12
TNI	1	-
Pensiunan TNI/ Polri	95	67
Pengusaha kecil dan menengah	13	5
Jasa pengobatan alternatif	1	-
Dosén swasta	5	-
Karyawan perusahaan swasta	122	54

Wiraswasta	954	867
------------	-----	-----

Sumber: Pendataan Désa Karangtawang taun 2011

3.1.2.3 Atikan

Minat masarakat Karangtawang kana atikan kawilang hadé. Hal ieu dipangaruhan ku sarana jeung prasana nu ngarojong kana atikan geus lengkep, boh sarana atikan formal, boh sarana atikan non formal.

Wincikan sarana atikan formal nu aya di Désa Karangtawang bisa katitén dina ieu tabél di handap:

Tabél 3.2
Sarana Atikan Formal Désa Karangtawang

No	Sarana Atikan	Jumlah	Ngaran Sakola	Status Kepemilikan	
				Pamaréntah	Swasta
1	PAUD	1	Tunas	√	
2	TK	1	TK YASPIKA (Yayasan Pendidikan Islam Karangtawang)		√
3	SD	3	SDN Karangtawang I	√	
			SDN Karangtawang II	√	
			SDN Karangtawang III	√	
4	Tsanawiyah	1	MTs YASPIKA (Yayasan Pendidikan Islam Karangtawang)		√
5	SMK	1	SMK Darul Ulum		√

Sumber: Pendataan Désa Karangtawang taun 2011

Atikan non formal di Désa Karangtawang ngawengku Pondok Pasantrén nu aya di Dusun Pasawahan nya éta: Pondok Pasantrén Darul Ulum, Al Amin, jeung Al Abshori.

Lian ti sarana jeung prasarana atikan anu lengkep, minat masarakat Karangtawang anu hadé kana atikan bisa ditilik tina widang atikan anu dihontal

ku masarakat Karangtawang. Widang atikan anu dihontal ku masarakat Désa Karangtawang di antarana: TK, SD, SMP, SMA, nepi ka paguron luhur.

Sangkan leuwih jéntré, wincikan jumlah penduduk dumasar kana atikan anu dihontal bisa katitén dina ieu tabél di handap:

Tabél 3.3
Tingkat Pendidikan di Désa Karangtawang

Tingkat Pendidikan	Laki-Laki	Perempuan
Usia 3-6 tahun yang belum masuk TK	36	58
Usia 3-6 tahun yang sedang TK/Play Group	42	45
Usia 7-18 tahun yang sedang sekolah	588	812
Tamat SD/ Sederajat	231	174
Tamat SMP	264	182
Tamat SMA	213	203
Tamat DI	11	19
Tamat D2	4	5
Tamat D3	7	6
Tamat SI	57	16
Tamat S2	3	1

Sumber: Pendataan Désa Karangtawang taun 2011

3.1.2.4 Agama jeung Kapercayaan

Masarakat Désa Karangtawang 100% ngagem agama Islam. Hal ieu kagambar ku dilaksanakeunana saréat Islam anu sakumaha mistina upamana waé: solat, puasa, jeung mayar jakat. Kegiatan kaagamaan anu sipatna babarengan ogé masih dilaksanakeun kalayan rutin ku masarakatna, saperti solat Jumaah, pangajian ibu-ibu, yasinan, pangajian keur barudak anu rutin dilaksanakeun ba'da magrib, sarta miéling poé anu dianggap penting dina agama Islam, siga Muludan (Maulid Nabi) jeung Rajaban (Isra Miraj).

Lian ti éta masarakat Karangtawang ogé kasohor nyantri, pangaruh NU (Nahdatul Ulama) pohara kentelna, hal ieu ku sabab ajengan-ajengan (kiyai) anu aya di Karangtawang mangrupa gagedén NU.

Euis Siti Fatimah, 2013

AJÉN FALSFAH UPACARA SIDEKAH TUTULAK DÉSA KARANGTAWANG KECAMATAN KUNINGAN KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun ngarojong masarakatna ngalaksanakeun ibadah, diunggal RT diwangun masjid leutik anu disebut tajug.

3.1.2.5 Basa

Basa anu dipaké ku masarakat Désa Karangtawang dina hirup kumbuh sapopoéna nya éta basa Sunda wewengkon Kuningan. Hal ieu bisa kaharti, sabab kasang tukang masarakat Karangtawang 100% sélér Sunda. Kamekaran téhnologi, saperti geus asupna aksés internet ka ieu désa, sarta réana penduduk désa anu geus ngasaan bangku sakola teu mangaruhan kana basa anu dipakéna. Masarakat Karangtawang nepi ka kiwari masih ngagunakeun basa Sunda, sanajan aya sababaraha urang anu geus parigel maké basa Indonésia jeung basa Inggris, tapi angger basa Sunda anu dipaké ku maranéhna dina hirup kumbuh sapopoéna.

3.1.3 Sistem Kekerabatan jeung Organisasi

3.1.3.1 Sistem Kekerabatan

Sistem kekerabatan masarakat Karangtawang sarua jeung sistem kekerabatan masarakat Sunda umumna. Sistem kulawarga anu dipaké nya éta sistem kulawarga bilateral, hartina garis katurunan dicokot ti pihak bapa jeung ti pihak indung. Kulawarga mangrupa organisasi sosial anu pangdeukeutna, dina jero kulawarga bapa miboga kalungguhan salaku kepala kulawarga.

Masarakat Karangtawang mikawanoh sistem pancakaki. Pancakaki nya éta perenahna jalma ka jalma deui anu sakulawarga atawa anu kaasup baraya kénéh. Aya tilu sistem pancakaki nu dipaké ku masarakat Karangtawang, (1) sistem pancakaki vertikal anu mertélakeun turunan ti luhur ka handap sacara langsung. Upamana waé: anak, incu, buyut, bao, janggawaréng, udeg-udeg, kait siwur, jeung bau sinduk; (2) sistem pancakaki horizontal anu mertélakeun dulur atawa baraya ti gigir. Upamana waé: emang, bibi, ua, kapiadi, jeung kapilanceuk; (3) sistem pancakaki anu mertélakeun dulur atawa baraya séjénna anu taya hubungan sacara langsung. Upamana waé: warang atawa bésan, mitoha, jeung adi beuteung.

Di masarakat Karangtawang, hubungan antara jalma jeung papadana dumasar kana sawangan hirup *silih asih*, *silih asah*, *silih asuh*, hal ieu nu

ngabalukarkeun masarakat Karangtawang hirup dina kaayaan harmonis jeung sauyunan. Sikep gotong royong anu mangrupa ciri masarakat tradisional, masih kenéh dicekel pageuh ku masarakatna, bisa katitén mun aya warga anu keur ngawangun imah, rék nyieun kariaan, atawa anu keur kapapaténan masarakat Karangtawang mah geus teu kudu dipénta bantuanana, tapi maranéhna hideng daratang sorangan.

3.1.3.2 Sistem Organisasi

Dumasar kana statusna minangka hiji désa, Désa Karangtawang dipingpin ku saurang kepala désa anu disebut *kuwu*. Kuwu dipilih sacara langsung ku masarakat Karangtawang unggal lima taun sakali. Dina ngalaksanakeun tugasna kuwu dibantuan ku sekretaris désa (*sékdés*), kepala dusun atawa *lurah*, pamong désa nya éta: késra, raksabumi, jeung hansip. Iwal ti sékdés, kalungguhan kuwu jeung pamong désa lain Pegawai Negeri Sipil (PNS). Maranéhna digajih ku sawah bengkok anu legana gumantung kana luhur handapna kalungguhanana.

Di sahandapeun kuwu aya kepala dusun atawa kepala kampung anu biasa disebut *lurah*. Lurah ogé dipilih sacara langsung ku masarakat diunggal dusun. Di Désa Karangtawang aya tilu dusun nya éta: Dusun Jatinunggal, Dusun Pasawahan jeung Dusun Babakan, ku kituna jumlah lurahna ogé aya tilu urang.

Unggal kampung ngawengku hiji RW (Rukun Warga). RW diwangun ku sababaraha RT (Rukun Tatangga). RT mangrupa struktur pamaréntahan panghandapna. Unggal RT dipingpin ku saurang ketua RT. Struktur lengkep susunan pamaréntahan Désa Karangtawang nya éta:

- 1) Kampung Pasawahan (RW 1) diwangun ku 10 RT (RT 1 nepi ka RT 10);
- 2) Kampung Babakan (RW 2) diwangun ku 10 RT (RT 11 nepi ka RT 20);
- 3) Kampung Jatinunggal (RW 3) diwangun ku 8 RT (RT 21 nepi ka RT 28).

Lembaga-lembaga kamasarakatan anu aya di Désa Karangtawang di antarana waé: BPD, LPM, PKK.

Badan Permusyawaratan Désa (BPD), mangrupa lembaga anu ngalaksanakeun pamaréntahan désa. BPD bisa dianggap minangka parleména désa. Cara nangtukeun anggota BPD nya éta ku cara dipilih langsung ku

masarakat, sedengkeun cara milih pupuhuna nya éta dipilih sacara langsung ku anggota BPD-na.

Lembaga Pemberdayaan Masarakat (LPM), nya éta lembaga kamasarakatan anu tumuwuh ti masarakat, ku masarakat, sarta pikeun masarakat. LPM mangrupa wadah pikeun partisipasi sarta alat pikeun nepikeun aspirasi masarakat dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngadalikeun pangwangunan désa. Pancén LPM nya éta nyusun rarancang pangwangunan anu partisipatif, numuwuhkeun sikep gotong royong di masarakat, sarta ngadalikeun pelaksanaan pangwangunan

Pembinaan Kesejahteraan Keluarga (PKK), nya éta organisasi kamasarakatan anu ngokolakeun wanoja sangkan ilu biung dina pangwangunan Indonesia. Aya sapuluh program poko PKK, nya éta: 1) *penghayatan dan pengamalan Pancasila*; 2) *gotong royong*; 3) *pangan*; 4) *sandang*; 5) *perumahan dan tatalaksana rumah tangga*; 6) *pendidikan dan keterampilan*; 7) *kesehatan*; 8) *pengembangan kehidupan berkoperasi*; 9) *kelestarian lingkungan hidup*; jeung 10) *perencanaan sehat*.

Tina pedaran di luhur bisa sebutkeun minangka hiji désa, Désa Karangtawang geus boga struktur organisasi nu lengkep.

3.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta nu jadi subjék dina meunangkeun data panalungtikan. Saupama dina panalungtikan, panalungtik ngagunakeun kuésioner atawa wawancara pikeun ngumpulkeun datana, mangka sumber datana disebut *respondén*, nya éta jalma anu ngaréspon kana patalékan-patalékan panalungtik, boh patalékan dina wangun lisan boh dina tulisan. Saupama dina panalungtikan, panalungtik ngalaksanakeun obsérvasi mangka sumber datana bisa mangrupa banda, gerakan, atawa prosés nu tangtu. Sedengkeun mun panalungtik ngagunakeun dokuméntasi, mangka dokumén atawa catetan bisa jadi sumber datana (Arikunto, 2010: 172)

Nurutkeun Arikunto (2010: 172) sacara gurat badag sumber data ngawengku: *person*, *place*, jeung *paper*.

- 1) *Person* atawa jalma nya éta sumber data anu bisa méré jawaban lisan dina wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) *Place* atawa tempat nya éta sumber data anu mangrupa objék pikeun métode obsérvasi, boh mangrupa tampilan dina kaayaan cicing (rohangan, alat, wujud banda, warna, jrrd) boh mangrupa tampilan dina kaayaan gerak (*aktivitas, kinerja, ritme nyanyian, gerak tari, jrrd*).
- 3) *Paper* nya éta sumber data anu mertélakeun tanda-tanda huruf, angka, gambar, jeung simbol-simbol séjénna.


Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kagiatan dina upacara Sidekah Tutulak anu aya di lingkungan Syeh, Dusun Babakan Désa Karangtawang, diwewegan ku data ti narasumber atawa informan, anu dina ieu panalungtikan nya éta sesepuh Désa Karangtawang anu weruh jeung apal kana upacara Sidekah Tutulak.

3.3 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang tur pelaksanaan panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina nguji hipotésa, boh dina nyieun kacindekan. Desain rarancang panalungtikan anu hadé baris bisa nerjemahkeun modél-modél ilmiah, kana operasional panalungtikan sacara praktis (<http://rinakusniawati.blogspot.com/2010/04/desain-penelitian.html>).

Sacara leuwih singget bisa disebutkeun yén desain panalungtikan téh mangrupa peta konsép, atawa rarancang sangkan panalungtikanana bisa nyumponan kana tujuan nu hayang dihontal.

Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan baris digambarkeun dina bagan nu aya dina kaca satuluyna:



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

3.4 Méthode Panalungtikan

Cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan disebut méthode panalungtikan (Arikunto, 2010: 192).

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu dipaké pikeun ngagambarkeun, ngajelaskeun, ngajawab pasualan-pasualan ngeunaan fénoména jeung *peristiwa* kiwari sakumaha ayana, atawa analisis hubungan antara variabel dina hiji fénoména (Arifin, 2011: 140).

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun, ngajelaskeun, jeung ngumpulkeun data ngeunaan upacara Sidekah Tutulak. Ieu panalungtikan museurkeun paniténna kana prak-parakan

upacara Sidekah Tutulak, simbol-simbol jeung ajén falsafah nu nyampak dina upacara Sidekah Tutulak, rélevansi upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari, sarta ngalarapkeunana kana bahan pangajaran basa Sunda nya éta maca artikel kabudayaan di SMA kelas XII.

3.5 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh leuwih jéntré sarta henteu nimbulkeun persépsi anu béda-béda kana judul panalungtikanana, mangka perlu dirumuskeun ngeunaan wangun-wangun operasional, istilah-istilah atawa kecap-kecap nu dipaké dina ieu judul panalungtikan nya éta:

- 1) Ajén falsafah, nya éta nilai anu nyangkaruk boh dina properti panglengkep upacara Sidekah Tutulak, boh dina parak-prakan upacara Sidekah Tutulak, anu mangrupa hasil tina mikir teleb masarakat Karangtawang pikeun néangan hakékat bebeneran tina kahirupan.
- 2) Upacara Sidekah Tutulak, nya éta upacara tradisional anu aya di Désa Karangtawang Kecamatan Kuningan Kabupatén Kuningan. Upacara Sidekah Tutulak minangka salasihiji tarékah nu dilaksanakeun ku masarakat Karangtawang pikeun tulak balai.
- 3) Bahan pangajaran, nya éta sakabéh bahan atawa komponén pangajaran anu ngawengku matéri jeung eusi pangajaran anu baris ditepikeun dina kagiatan diajar-ngajar, mangrupa élmu pangaweruh anu kudu dicangkem ku guru jeung murid.
- 4) Pangajaran maca, nya éta salasihiji tina opat aspék kaparigelan basa (ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis) anu aya dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran basa Sunda.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa pedoman wawancara, jeung média-média anu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeun hasil panalungtikan, nya éta:

1) *Pedoman wawancara* mangrupa patalékan ngeunaan data réspodén jeung patalékan ngeunaan éta upacara. Runtuyan patalékan wawancara anu aya di handap ukur mangrupa konsép awal, hartina dina prak-prakan wawancarana mah bisa waé ieu patalékan téh leuwih ngajembaran.

a) Data informan:

1. Ngaran narasumber
2. Umur narasumber
3. Alamat narasumber
4. Pakasaban narasumber
5. Jenjang atikan narasumber
6. Kalungguhan narasumber di masarakat

b) Pedoman patalékan dina wawancara:

1. Kumaha asal-usul aya upacara Sidekah Tutulak?
2. Ku naon upacara Sidekah Tutulak téh dilaksanakeunana di lingkungan Syéh? Makam saha anu aya di lingkungan Syéh téh?
3. Kumaha prak-prakan upacara Sidekah Tutulak?
4. Iraha lumangsungna upacara Sidekah Tutulak?
5. Saha anu mingpin upacara Sidekah Tutulak?
6. Naon waé kalengkepan upacara anu kudu aya dina Sidekah Tutulak?
7. Dina simbol-simbol éta ngandung siloka nu tangtu teu?
8. Naon mangpaat tina dilaksanakeunana upacara Sidekah Tutulak pikeun masarakat Désa Karangtawang?
9. Kumaha balukarna mun upacara Sidekah Tutulak téh kaliwat atawa teu dilaksanakeun ku masarakat Désa Karangtawang?

2) *Video Shot*, digunakeun pikeun ngarekam prosés lumangsungna Sidekah Tutulak.

3) *Kaméra foto*, digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar dina prosés wawancara sarta prak-prakan Sidekah Tutulak.

4) *Hapé rekorder*, digunakeun pikeun ngarekam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka masarakat, jeung sesepuh Désa Karangtawang anu weruh jeung apal kana upacara Sidekah Tutulak.

3.7 Téhnik Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan bisa lumangsung kalawan lancar, ku kituna kudu maké téhnik panalungtikan. Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.7.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Telaah pustaka nya éta néangan réferénsi tina buku-buku anu aya patalina jeung pasualan anu rék ditalungtik. Syaodih dina Satori (2012: 105) mertélakeun obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara niténan kagiatan anu keur lumangsung. Ari wawancara masih dina Satori (2012: 130) nya éta téhnik ngumpulkeun data pikeun meunangkeun informasi ti sumber data sacara langsung ku cara ngajukeun patalékan-patalékan anu tuluy dijawab ku sumber data atawa narasumber. Dokuméntasi nya éta prosés nyimpen data, boh data anu mangrupa tulisan, rekaman, atawa gambar (foto) pikeun kaperluan panalungtikan.

3.7.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis maké téhnik déskripsi. Anu didéskripsikeunana nya éta: prak-prakan upacara Sidekah Tutulak, simbol-simbol jeung ajén falsafah anu nyampak dina upacara Sidekah Tutulak, rélevansi upacara Sidekah Tutulak jeung kahirupan masarakat Karangtawang kiwari, sarta ngalarapkeunana kana bahan pangajaran basa Sunda, nya éta maca artikel kabudayaan di SMA kelas XII.

Léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngumpulkeun data hasil telaah pustaka;
- 2) Ngumpulkeun data hasil obsérvasi ka lapangan;
- 3) Ngadéskripsikeun upacara Sidekah Tutulak;
- 4) Ngalarapkeun upacara Sidekah Tutulak kana bahan pangajaran maca artikel kebudayaan di SMA kelas XII;
- 5) Nyieun Kacindekan.

Euis Siti Fatimah, 2013

*AJÉN FALSFAH UPACARA SIDEKAH TUTULAK DÉSA KARANGTAWANG KECAMATAN KUNINGAN
KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu